



## **Imyuzure**

### **Menya amajambo ukoresha mu gusigura imyuzure**

- Kugabisha umwuzure: Imyuzure irashoboka. Kugabisha bimenyeshwa na serivisi y'igihugu ishinzwe ihindagurika ry'ikirere (NWS) amasaha 12 gushika kuri 36 imbere y'irindi hindagurika rishobora gushika.
- Igihe c'umwuzure ukomeye: Harashobora kuba imyuzure ikomeye. Itegurire kwimukira ahantu hakirurutse. Umwuzure ukomeye cane urashobora gushika utagabishijwe.
- Igabishwa ry'umwuzure: Umwuzure uriko uraba canke uzoza vuba. Nimba wagiriwe inama yo kwimuka, kora ukwo ubwonyene.
- Igabishwa ry'umwuzure ukomeye: Umwuzure ukomeye uriko uraba. Rondera ahantu hakirurutse ubwonyene kandi uje kure y'ibiziba hamwe n'inzuzi.

### **Wokora iki mu gihe c'umwuzure**

- Hamwe vyoshika ugahura n'umwuzure NTUZE uhirahire ngo ugerageze kujabuka n'amaguru canke ngo ucishemwo imodoka.
- Kurikirana amakuru y'ibinyamakuru.
- Baza abatware b'akarere k'aho uba nimba inzu yawe yoba igeramiwe n'umwuzure canke iri ahantu hageramiwe cane. Amakarata yerekana ibiyaya birimwo imyuzure araboneka mu biro vy'igisagara nka vyose canke mu biro vy'inyubako y'igisagara.
- Umviriza abajejwe akarere hamwe n'abajejwe umutekano mu gihugu kandi wubahirize ivyo bakubwira mu buryo nyabwo.
- Menya inzira ucamwo mu guhunga umwuzure, ahari amazu ya reta yakira abantu, hamwe n'aho woronka ikibanza gikirurutse. Igihe c'umwuzure ukaze, ushobora kurondera n'ingoga ahantu hakirurutse uri ku maguru.

### **Wokora iki mu kwitegururira umwuzure**

- Shiramwo 'check valves' hagati y'ihwaniro y'imiringoti kugira ukinge imyuzure yo kwinjira mu nzu yawe iciye mu miringoti itwara imicafu.
- Menya neza ko urugo rwawe rwiteguye. Aho bishoboka, gabanya ivyononekara vyo hejuru y'umushinge mu kuduza ibikoresho n'ibindi

bintu bishobora kwononekara mu kugabanya amazi yokwinjira mu mushinge.

- Shinga neza ibikono vy'ibitoro kugira umenye neza ko bidatwarwa, bigashobora gutuma haba ikibazo c'umutekano canke ibijanye n'ibidukikije mu nzu canke hanze.
- Gira ibintu vy'ibanze vyo kwikingira mu muryango.
- Shiraho uburyo bwo guhanahana amakuru mu muryango. Gena umuntu w'incuti ari hanze y'intara nk'umuntu muzokwifashisha mu guhamagara.
- Itegurire kuzimya ibikoresho vy'umuyagankuba igihe hari amazi yateze, intsinga z'umuyagankuba zaguye hasi, canke imbere yo kuva aho hantu. Menya ukuntu wugara neza imiringoti izana umwuka hamwe n'amazi imbere yo kuva aho hantu.
- Hamagara uwuhagarariye ubwishingizi bwawe canke umukozi wa reta mu karere kugira muvugane inshumbusho y'umuwuzure.